

galaxy	galaksi	gwo gwoup etwal, pousyè ak gaz ki rete ini gras a pezanntè a; li ka eliptik, espiral oswa iregilye.
galvanometer	galvanomèt	yon aparèy ki itilize yon elektwo-eman pou mezire kouran elektrik.
gametophyte stage	etap fòmasyon gamèt	etap sik lavi plant ki kòmanse lè selil ki nan ògàn repwodiktris yo sibi meyiyoz epi pwodui selil haploiyid (espò).
gamma ray	reyon gama	onn elektwomayetik ki pa gen ni mas ni chaj, men ki pwopaje selon vitès limyè epi anjeneral ki emèt avèk patikil alfa oswa beta nan yon nwayo atòm ki an dekonpozisyon; li gen yon longèdonn ki pi piti pase dis (10) trilyonyèm apeprè.
Geiger counter	Kontè Jeje	detektè radyasyon ki pwodui yon klik oswa lyè limyè lè yon patikil chaje detekte.
gem	pyè presye	bèl mineral ra ki presye anpil epi ki ka mete nan bijou.
gene	jèn	seksyon ADN sou yon kwomozòm ki gen enstriksyon pou pwodui pwoteyin espesifik.
generator	jeneratè	aparèy ki itilize endiksyon elektwomayetik pou konvèti enèji mekanik an enèji elektrik.
genetic engineering	jeni jenetik	metòd byolojik ak chimik pou chanje aranjan ADN yon jèn pou amelyore pwodiksyon manje, pou pwodui gwo kantite medikaman epi pou chanje fason selil yo ap akonpli fonksyon nòmal yo.
genetics	jenetik	etid fason karakteristik yo eritye aksyon alèl yo.
genotype	jenotip	karaktè jenetik yon òganis.
genus	jan	premye mo non syantifik ki gen de (2) mo ki itilize

		pou idantifye yon gwoup espès sanblab.
geologic time scale	echèl tan jeyolojik	divizyon istwa latè an inite tan ki baze anpil sou kalite kreyati vivan ki t ap viv sèlman pandan sèten peryòd.
geothermal energy	enèji jeyotèmik	enèji tèmik an magma cho; yon santral elektrik ka konvèti li an enèji elektrik.
germination	jèminasyon	seri evènman ki lakòz devlopman yon plant ki nan yon grenn.
gestation period	peryòd jestasyon	peryòd yon anbriyon devlope nan yon matris; dire tan an varye selon espès la.
geyser	jezè	sous dlo cho ki jayi iregilyèman epi ki pouse dlo ak vapè nan lè a-pa egzanp, Old Faithful ki nan Pak Nasyonal Yelostòn.
giant	jeyan	etap ki anreta nan lavi etwal sekans prensipal mas konparativman fèb kote idwojèn ki nan nwayo a efase, nwayo kontrakte epi tanperati ki andedan etwal la ogmante, sa ki lakòz kouch ekstèn yo devlope epi rafrechi.
gills	branchi	ògàn ki chanje dyoksid kabòn pou oksijèn nan dlo.
gizzard	zizye	estrikti sistèm disjestif miskilè kote vè tè yo kraze tè ak matyè òganik.
glaciers	glasye	gwo mas glas ak nèj mobil ki chanje gwo espas sifas latè atravè ewozyon ak depozisyon.
Global Positioning System (GPS)	Sistèm Pozisyon Global (GPS)	yon sistèm satelit ak estasyon kontwòl sou tè ki pèmèt yon resepte detèmine pozisyo li sou oswa anwo sifas latè.
global warming	rechofman atmosferik	ogmantasyon tanperati global mwayen latè.

Golgi bodies	kò Gòlji	òganèl ki anbale sibstans selilè epi ki mennen yo andedan selil la oswa deyò selil la.
gradualism	gradyalis	modèl ki dekri evolisyon kòm yon pwosesis lan; nan pwosesis la, yon espès chanje an yon nouvo espès atravè yon seri mitasyon ak varyasyon k ap fèt san rete.
granitic	granitik	dekri sitou wòch igne koulè klè ki gen anpil silis ki mwen dans pase wòch bazaltik.
graph	grafik	prezantasyon vizyèl enfòmasyon oswa done ki ka bay yon fason rapid pou kominike anpil enfòmasyon epi ki pèmèt savan yo obsève modèl yo.
grasslands	preri	rejyon tanpere ak twopikal avèk 25 a 75 santimèt presipitasyon chak ane ki anba kominote klimasik zèb; se yon rejyon ki trè bon pou devlope agrikilti epi pou fè elvaj betay ak mouton.
gravitational potential energy	enèji potansyèl gravitasyonèl	enèji objè estoke akòz pozisyon yo sou sifas latè; enèji sa depann de distans ki ant sifas latè ak mas objè a.
gravity	pezantè	fos atraktif ant objè yo ki depann de mas objè yo ak distans ki separe yo.
Great Red Spot	Gran Tach Wouj	gwo tanpèt awot presyon ki nan atmosfè Jipitè.
greenhouse effect	efè tèmik	chofaj natirèl ki fèt lè sèten gaz nan atmosfè tè a, tankou metàn, CO ₂ (dyoksid kabòn) ak vapè dlo, kenbe chalè.
groundwater	nap freyatik	dlo ki absòbe nan tè a, ki rasanble nan pò ak espas vid epi ki reprezante yon

		sous dlo potab.
group	gwoup	kolòn vètikal nan yon tablo klasifikasyon peryodik eleman.
guard cells	selil gad	pè selil ki antoure estomat la epi ki kontwole ouvèti ak fèmti yo.
gymnosperms	jimnospèm	plant vaskilè ki pa fleri, men anjeneral ki gen fèy tankou zegwi oswa kal pwason, epi ki pwodui grenn ki pa pwoteje nan fwi a; pami plant sa yo, gen konifè, sikas, jinko ak nèt.